



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

AK

EKIP LOKAL POU SEKIRITE TRAFIK NAN KOMINOTE W LA

SWETE W BON RETOU NAN LEKÒL! Montre w Entelijan. Rete Ansekirite.

Ete a fini e se moman pou w tounen lekòl! Nan efò n ap fè pou kenbe nouvo ane lekòl ou a enteresan e san danje nou mande pou paran ak timoun/elèv, epitou, anplwaye lekòl ak pwofesè yo, suiv règleman senp sa yo lè y ap deplase ale e soti lekòl:

- Mache avèk pitit ou lè li pral lekòl. Mache al lekòl bon pou sante, li ekonomize gaz ak tan, e li dinimye pwoblèm trafik nan alantou lekòl la pou tout moun.
- Obeyi tout siy vitès ki ekri nan lari a. Ralanti lè w ap antre nan Zòn Vitès Lekòl 15 “MPH”. Gade siy yo byen pou w ka wè a kilè yo aktive yo. Polis ap aplike sa!
- Obeyi tout siy ki ekri sou wout la. Pa egzanp: Siy “Do Not Enter” (Pa Antre) ki deziye limit trafik nan alantou kèk lekòl. Polis ap aplike sa!
- Lè ou ap estasyon, Kanpe, oubyen pake machin ou silvouplè itilize sèlman zòn yo deziyen pou sa. Pa bloke wout pou moun antre lakay yo oubyen twotwa yo. Si w itilize yon zòn yo pa deziyen pou sa, oubyen si w bloke yon antre, y ap ba ou tikè!
- Tache Senti w! Asire w tout moun nan machin nan, espesyalman timoun yo, toujou gen senti yo tache. Timoun yo dwe byen tache nan chèz sekirite ki apwopriye e/oubyen chèz ki wo, si li aplikab. Lwa Prensipal Eta Florid sou Senti Sekirite mande pou tout moun (adilt e timoun) tache senti yo. Amand la se \$129 pou chak moun, pou chak vyolasyon. Si yo wè yon timoun (anba laj 18 an) san senti sekirite, y ap bay chofè a yon tikè \$186 tou.
- Konsèy pou Sekirite Pyeton: Toujou KANPE lè w rive sou twotwa/arebò lari a, e GADE AGOCH, ADWAT, E AGOCH anvan ou travèse yon ri. Toujou itilize kote yo deziye kòm pasaj pou pyeton ak siyal pou pyeton yo, ak moun ki la pou ede w travèse lari, lè yo disponib, pandan w ap asire ou suiv tout enstriksyon siyal yo. Pa travèse nan mitan yon blòk ant de entèksyon, amwenske gen yon pasaj yo deziye pou sa. Pa travèse devan yon machin amwenske ou sèten chofè a wè w byen.
- Rete Ansekirite...Fè Wè w: Lè w ap mache oubyen monte bisiklèt/motosiklèt mete koulè ki briyan sou ou pandan lajounen. Nan granm maten, lanjeli e aswè, sèvi avèk limyè e/oubyen rad ki gen reflektè yo, konsa chofè yo ap ka wè w pi byen. Sakado yo dwe gen materyèl ki gen reflektè sou yo. Mache avèk yon flach.

Se Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman, Distri IV, an kolaborasyon avèk

Lekòl Leta Miami-Dade County,

Ekip Lokal pou Sekirite Trafik nan Kominote W la, ak patnè l yo ki pote mesaj sa a pou ou. Montre w Entelijan. Rete Ansekirite.

